

REGLEMAN DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH, FLORID
Tit 6Gx50
Chapit 1. Distri Lekòl
Seksyon 1.015

Règleman 1.015 Patisipasyon paran/fanmi

1. **Objektif.** Regleman sa a se pou kreye yon anviwònman kolaborasyon kote paran ak fanmi elèv nou yo resevwa envitasyon pou yo patisipe. Komite dirijan distri lekòl la rekonèt wòl enpòtan paran/responsab ak fanmi jwe nan edikasyon, byennèt ak valè elèv li yo, epi edikasyon chak elèv se responsablite ki dwe pataje ant lekòl, paran/responsab ak manm fanmi chak elèv. Anplis, komite dirijan distri lekòl la ankouraje patisipasyon regilye paran tout timoun pou garanti yon relasyon ki solid ant lakay ak lekòl, ankouraje epi ogmante pratik yon patisipasyon paran/fanmi ki efikas, byen estriktire epi ki konplè. Regleman sa a genyen ladan l egzijans lwa 2001 Okenn timoun pa dwe rete dèyè a (No Child Left Behind) seksyon 1118 lwa sou lekòl primè ak segondè. (Elementary and Secondary Act)
 - a. Men kèk nan faktè komite distri lekòl la rekonèt ki kapab amelyore aprantisaj:
 - i. yon pwogram enstriksyon ki solid
 - ii. Mete fòmasyon ak enfòmasyon tanzantan aladispozisyon paran pou kapab ogmante siksè elèv.
 - b. Komite dirijan distri lekòl la rekonèt patisipasyon paran se yon eleman dezirab nan bon jan edikasyon. Elèv yo kapab genyen plis siksè lè paran, lekòl, ak kominote a mete yo ansanm pou sipòte ansanm aprantisaj elèv. Ak sipò Family Action Network ak responsablite plizyè depatman, yo kenbe paran yo enfòme tanzantan de sijè ki gen rapò ak patisipasyon paran.
 - c. Byenke paran yo sòti nan kilti, lang, ak bezwen divès, yo gen yon dezi komen pou pitit yo reyisi nan edikasyon. Se pou sa, pwogram yo ak pratik komite dirijan distri a etabli, an kolaborasyon ak paran epi kominote yo atravè yon pwosedi pou amelyore lekòl la, dwe sipòte patisipasyon fanmi epi reflete bezwen espesifik elèv ak fanmi.
 - d. Ankonsekans, komite dirijan distri lekòl la chèche pou li mete ansanm fanmi, lekòl, ak kominote a nan edikasyon timoun. Lekòl yo genyen responsablite pou yo fè paran yo patisipe epi paran yo genyen responsablite pou yo patisipe.
2. **Definisyon.** “Patisipasyon paran/fanmi” vle di patisipasyon paran/responsab nan kominikasyon regilye ale vini, san rete, ki angaje elèv la nan aprantisaj akademik li ak lòt aktivite lekòl tankou:
 - a. Paran/responsab/fanmi jwe yon gwo wòl nan ede timoun yo aprann.
 - b. Yo ankouraje paran/responsab/fanmi pou patisipe aktivman nan edikasyon pitit yo nan lekòl.
 - c. Paran/responsab/fanmi se patnè nan edikasyon pitit yo epi yo dwe patisipe jan sa apwopriye nan desizyon k ap pran nan komite pou ede nan edikasyon pitit yo.
 - d. Paran, lekòl ak patnè nan kominote a mete sou pye estrateji pou patisipasyon paran ki dokimante nan plan/regleman pou patisipasyon fanmi lekòl la.

3. **Regleman.** Komite dirijan distri lekòl la kwè responsablite edikasyon timoun dwe pataje ant paran, fanmi, sistèm lekòl ak kominote a. Komite dirijan distri lekòl la respekte wòl ak responsablite paran ak fanmi nan asire yon edikasyon adekwa pou pitit yo epi li detèmine pou devlope yon patenarya ki fò, ak paran/fanmi pou kreye oswa ankouraje anviwònman pou aprann lakay ak nan lekòl. Se regleman komite dirijan distri lekòl la pou li ankouraje ak sipòte patisipasyon san rete paran ak fanmi nan edikasyon, lakay, nan lekòl yo ak nan kominote a.

Men estanda distri lekòl la andose dapre jan yo etabli nan rechèch ki te fèt nan kad pwogram estanda nasyonal pou patisipasyon paran/fanmi menm jan PTA nasyonal la adopte sa:

- a. Estanda I: **Kominikasyon** – Komite dirijan distri lekòl la rekonèt kominikasyon ant lakay ak lekòl ki kontinyèl, entèaktif, epi ki akomode tout paran yon fason rezonab, gen ladan sa yo ki pa pale anglè oswa sa yo ki andikape. Entèaksyon ak paran ta dwe fèt san jijman nan yon jan ki rekonèt divèsite nan estil paran leve timoun, estrikti fanmi, epi sikonstans; menm jan ak diferans endividyèl ki reflekte nan valè, kilti, ak divèsite nan popilasyon etidayan an. Yo ankouraje dialog ant paran/pwofesè nan tout nivo klas.
 - b. Estanda II: **Metòd paran k ap leve timoun yo** – Komite dirijan distri lekòl la sipòte pwogram granmoun ak kominotè ki bay enfòmasyon pou satisfè bezwen paran yo nan plizyè sijè tankou nitrisyon, kominikasyon ant paran ak pitit li, siveye izaj televizyon ak entènèt, teknik pou discipline timoun, ede ak devwadmezon ak lòt sijè k ap fè paran vini patnè konplè nan edikasyon pitit yo.
 - c. Estanda III: **Aprantisaj elèv** – Komite a apiye ede paran yo pou kapab jwe yon wòl enpòtan nan aprantisaj elèv yo lè l bay paran yo enfòmasyon sou atant nivo klas, egzijans pou evalyasyon, estratji pou amelyore siksè elèv, ak mete pwogram SES ak chwa disponib pou maksimize siksè elèv yo.
 - d. Estanda IV: **Volontè** – Komite a sipòte kreyasyon opòtinite pou fè volontè epi li envite paran pran avantaj pakèt wòl volontè ki disponib nan lekòl yo.
 - e. Estanda V: **Patisipe ak lekòl la nan fè desizyon ak defans** – komite a ankouraje patisipasyon paran kòm patnè nan desizyon ak pratik lekòl ki afekte timoun ak fanmi atravè pwosedi amelyorasyon lekòl yo, SAC, PTA, PTO ak lòt gwoup k ap pran desizyon kòm apwopriye.
 - f. Estanda VI: **Kolabore ak kominote a** – Komite a sipòte pou bay jarèt ak pwogram lekòl yo, pratik fanmi ak aprantisaj elèv atravè entegrasyon resous kominotè ak patnè nan biznis. Lekòl yo rekrute moun ki pou sèvi kòm modèl oswa konseye. Patnè kominotè yo kolabore ak lekòl yo pou bay paran yo resous ak materyèl.
4. **Fowòm sou patisipasyon fanmi.** Yo etabli fowòm patisipasyon fanmi nan distri a pou konsantre sou pwomote patisipasyon fanmi pou ogmante siksè elèv yo. Komite Family Action Network la opere kòm yon fowòm diskite, sipòte, epi mete sou pye inisyativ patisipasyon paran atravè distri a. Fowòm yo ap reponsab pou:
- a. Fè pwomosyon pou patisipasyon paran/fanmi nan lekòl yo atravè pwosesis amelyorasyon lekòl la.
 - b. Kenbe kontak ak diferan departman nan distri a epi ajans ak gwoup nan kominote a; ak
 - c. Fasilite regleman enplimantasyon sou patisipasyon fanmi nan distri a.
5. **Egzijans Tit I.**
- a. Lekòl yo ap montre evidans sou jan fanmi patisipe nan planifikasyon, revizyon ak amelyorasyon plan/ regleman pou patisipasyon fanmi nan lekòl la

- b. Lekòl yo dwe pwouve yo fè yon reyinyon anyèl (Dwa paran yo pou konnen) (Parents' Rights to Know) pou enfòmasyon fanmi yo egzijans pwogram Tit I ak dwa yo pou yo patisipe..
- c. Prèy yo fè konferans paran/pwofesè tanzantan pandan ane a
- d. Montre kijan lekòl la te bay fanmi yo materyèl, resous, ak trening pou amelyore siksè akademik pitit yo.
- e. Bay dokiman pou montre fanmi yo te jwenn enfòmasyon ki tradui nan lang natifnatal yo
- f. Montre kijan yo te ofri trening ak aktivite patisipasyon fanmi nan lè diferan.
- g. Montre evidans te genyen kominikasyon tanzantan ant lekòl la, fanmi, elèv ak kominote a.
- h. Montre kijan lekòl la te kolabore ak òganizasyon tankou Head Start, ak ajans lokal, eta, ak federal pou ede edike paran sou patisipasyon fanmi.
- i. Bay enfòmasyon sou jan lekòl la te travay ak kominote a, volontè yo ak patnè nan biznis pou ogmante siksè elèv yo ak enfòmasyon sou chwa karyè.
- j. Montre prèy fanmi yo te jwenn enfòmasyon sou estanda akademik eta a, estanda siksè akademik elèv ak tès.
- k. Pwouve jan lekòl la te bay fanmi yo yon deskripsyon ak eksplikasyon sou kourikoulòm, fòm tès yo itilize pou mezire pwogrè elèv yo ak nivo akademik yo espere elèv yo dwe atenn.
- l. Bay enfòmasyon sou jan lekòl la te fè paran yo jwenn enfòmasyon sou pwogram Tit I nan yon tan konsiderab.
- m. Montre kijan yo te itilize lajan Tit I yo pou peye depans rezonab ki asosye ak aktivite patisipasyon fanmi tankou swen pou timoun (Child care), visit lakay, ak transpò.
- n. Bay dokiman pou montre opinyon defavorab fanmi sou LEA si yo pat dakò ak plan lekòl la.
- o. Montre akò ant lekòl-fanmi an te devlope ansanm ak fanmi yo epi montre jan fanmi, tout anplwaye lekòl la ak elèv yo te pataje responsablite pou amelyore siksè elèv yo.

OTORITE LEGAL: Fla. Stat. §§ 1001.41; 1001.42; 1001.43

LWA ANVIGÈ: Fla. Stat. §§ 1002.23; No Child Left Behind Act of 2001, P. L. 107-110; Title 1 of the Elementary and Secondary Education Act, Section 1118

REFERANS: *National Estandas for Parent/Family Involvement Programs*, issued by the National PTA (1998), ISBN 0-88109-002-6

DOSYE ISTORIK: 14/10/2002;06/05/2009